# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДАМИЛЛИЙМУЗЫКА САЗ ӘСПАБЛАРЫАРҚАЛЫОҚЫЎШЫЛАРДЫРУЎХЫЙ-ӘДЕП ИКРАМЛЫҚ ТӘРБИЯЛАЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

***TURSÍNBAEVA UMIDA SALAMAT QÍZÍ***
Ózbekistan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı
“Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler”
“muzıkatanıw” qániygeligi 1-kurs studenti
Tel: 998991130145

Қарақалпақ халқы ерте заманлардан баслап-ақ өзиниң көптараўлы бай музыка искусствосына ийе екенлиги мәлим. Усы музыка мәдениятының раўажланыўында саз әспаблары үлкен роль атқарып келеди. Саз әспаблары қарақалпақ музыка мәдениятында Орта Азия халықлары искусствосы қатарында көп әсирлик тарийхына ийе. Орайлық Азия халықларының тығыз экономикалық байланысы, этнография, әдебият ҳәм искусствосының, соның ишинде музыкалық саз әспаблары жақынлығы ҳәм де түркий тиллес болып мәдениятының улыўма бир бағдарда раўажланғанлығы тарийхый дереклерде айқын көринеди. Исскуство менен әдебияттың жәмийетлик турмыстан алатуғын орны, оның халық турмысы менен мудамы бирге раўажланып келетуғын, ол жәмийетлик турмыстағы өзгерислерге қарағанда көркем-өнерде жүдә анық сүўретлейтуғын шығармалардың саз әспаблардың роли үлкен әҳмийетке ийе.

Музыкалық саз әспаблары туўралы, олардың шығып келиўи, қурлысы, даўыс тембри ҳаққында уллы илимпаз Абу Али Ибн Сино “Шыпа китаб”, “Билим китаб”, “Музыка илими ҳаққында рисола” т.б, китапларында көп ғана баҳалы илимий пикирди айтады.Оның айтыўы бойынша: “Тар қаншелли узын болса, даўыс соншелли пәс шығады. Керсинше, тар қаншелли қысқа болса, даўыс соншелли бәлент шығады. Сондай-ақ даўыслардың пәс ямаса бәлент болыўы үплеп шертилетуғын саз әспаблар каналының диаметрине дт байланыслы болады,” деп көрсетеди. (Абу Али Ибн Сино, шығармалар топламы IV том). Өз заманының уллы

илимпазы болған Абу Али Ибн Синоның музыка тараўындағы бул пикири Орта Азия ҳәм шығыс халықлары музыкасының әййемги заманлардан бери, музыка илими сыпатында қәлиплесип киятырғанлығын дәлиллейди. Оның бул пикирлери музыка теориясында ҳәзирги ўақытқа шекем өз қунын жойытқан емес.

Қарақалпақ халқының арасында саз музыкалар кең таралған болсада, тийкарғы саз әспаблары олардан тартқыштың жәрдеми менен шертилетуғын

тарлы әспаблардан – Тарлы саз әспаблары: Қобыз, Дуўтар, Гиржек, Үплеў арқалы шертилетуғын, Баламан, Шыңқобыз, Сырнай, Сазсырнай, Үшпелек, Тартық, қамыссырнай, сыбызғы, қамыстилик, қуўрай, ҳәм тағы басқалары, урып қағып шертетуғын саз әсбаплар: Суўқабақ, Туяк, Қасық, Қоңыраў, Нағара, Дәп, Рубаб, Гармон, ҳәм тағы басқа бир қанша әспаблардан Соның менен бирге, қобыздың нарқобыз, желқобыз, жезқобыз, тилқобыз, шыңқобыз деген түрлери бар. Нарқобыз - қобыздың урысқа шыққанда қолланатуғын түри. Жаўға қарсы урыс ашып, ат қояр ўақытта қобыз сарыны еситилген. Ол батырларға күш-жигер берип, ерлик ислерге руўхландырып отырған. Месқобыз, желқобыз-музыкалық әсбаптың түр-түсине байланыслы атлары. ушрасады. Жоқарда аталған саз әспаблардың ишинде биразы қарақалпақ халқының ҳәзирги қолда бар миллий музыкалық әспаблары есапланып, қалған биразы болса, бизге басқа туўысқан халықларының музыкасының тәсири арқалы өткен болса керек. Бирақ соған қарамастан буннан бурын қарақалпақ халқы арасында усындай ямаса басқада саз әспаблардың түрлери болмаған деген пикирдиң болыўы мүмкин емес. Дәўирдиң өтиўи менен талай арфа сыяқлы ямаса басқада саз әспаблардың талай түрлери келип кеткенлигине гүман туўдырмайды. [1]

Аламойнақ Дуўтар-Қарақалпақ халқының арасында кең таралып, масалық түс алып кеткен күтә көркем, сулыў даўыслы музыкалық әспаблардың бири- Дуўтар. Ол шығып келиўи жағынан тарийхый дереклерге ҳәм көп ғана илимпазлардың ескертиўлерине қарағанда, карарқалпақлар арасына Хорезм Оазисине келгенен кейин пайда болған деген түсникти ескертеди. Бирақта бундай етип қысқа жуўмақ шығарыў ҳаққыйқатлыққа туўра келмейди, өйткени әзелден- ақ арфа, сыбызғы, сырнай, қобыз, шынқобыз сыяқлы әспаблар кең таралып, соның менен қаналас (семейства) әспаб болған дуўтардың, қоңсылас басқа халықларда болып,

қарақалпақлар арасында бурын ушраспай соңғы Хорезм дәўиринде ғана қосылды деў-тарийхый шынлыққа туўра келмейди. Соң қосылған әспаблар дуўтардай болып тез ўақытта беккем сиңисип кетиўи қыйын, кейин қосылып халықтың музыкалық турмысына толық сиңисе алмай жүрген әспабларға дәп, ағара, ҳ.т.б. көрсетиўге болар еди.

Дуўтар қарақалпақ халқының миллий музыкалық саз әспабы болып ғана қоймастан, ол қарақалпақ музыкасын раўажландырыўда тийкарғы роль ойнаған әспаб. Дуўтар дың халық турмысына сиңисип кеткенлиги соншелли, оны ҳәр бир үйден табыўға болады дерлик. Себеби жоқарда айтылып өтилгендей-ақ дуўтар сазлары тийкарынан алғанда еки даўыслы болыўы жағынанда, дуўтар сазларының жоқары дәрежеде раўажланып келгенлигин көриўге болады. Әзелден услайынша халықтың арасына сиңисип келмегенде, бирден бундай дәрежеге тез пәт пенен раўажланыўға ерисиўи мүмкин емес еди. Дуўтар сөзиниң өзи парысша дуў-еки, тар-тар, яғный еки тарлы әспаб деген мәнини аңлатады. Дуўтар еки түрли усылда соғылып, бириншиси қазба-ойма дуўтар, екиншиси қурама–тилме дуўтар деп жүртиледи. Қазба дуўтар болса әдетте тут, жийде, ерик ағашынан исленеди. Қурама дуўтар болса тут қараман, жуўан шеңгел ағашларынан исленген бир қанша (тилме, қабырғалар) дан, бөлеклерден қуралып, олар өз ара белгили тәртипте байланыстырлады ҳәм бириктирледи. Дуўтардың мойнына қойдың ишегинен таярланған 12-перде оартылып, хромматикалық қурлыста дүзиледи. Ретинде айтып өтилетуғын нәрсе дуўтардағы перденин он еки болыўы шәртли болмай, ҳәрбир бақсының Еркине қарай көбейтилипте, кемейтилипте кететуғын жағдайларыда болған. Мәселен Орынбай бақсы дуўтарына барқулла 14-15 перде байлап жүрген, оны ҳәр наманың узын,

қысқа келиўине байланыслы қолланған. [2, стр. 46]

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Моянов Ы.Ж. «Қорақалпоқ халқ мусиқаси асосида ўқувчи-ёшлар маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантиришнинг хусусиятлари» пед. фан. (PhD) диссертация Тошкент 2019. 153 б.

2. Адамбаева Т. «Дореволюционная Каракалпакская музыка» Издательство

Каракалпакстан. Нукус-1976 год стр.-46.
3. U.Tusınbaeva G.Kamalova MAKTABGACHA VA KICHIK MAKTAB YOSHIDAGI BOLALARGA MUSIQAVIY TARBIYA BERISHDA MUSIQA RAHBARINING O’RNI
4. Dauletbaev T. Q. QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN’ATINING RIVOJIDA G ‘AYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 3. – С. 90-94.
5. U.Tusınbaeva G.Kamalova XALÍQ MUZÍKA DÓRETPELERIN HÁM SALT DÁSTÚRLERDI ÚYRENIW ARQALÍ JASLARDI RUWXIY ESTETIKAǴA TÁRBIYALAW
6. U.Tusınbaeva G.Kamalova MEKTEP OQÍWSHÍLARÍNDA MUZÍKA TÁLIMI ARQALÍ ESTETIKALÍQ TÁRBIYA MÁDENIYATÍN QÁLIPLESTIRIW
7. U.Tusınbaeva G.Kamalova JÁHÁN OPERA KÓRKEM ÓNERINDE JUZEPPE VERDI DÓRETIWSHILIGINIŃ ORNI RIGALETTO OPERASINIŃ KÓRINISLERINDEGI ARIYALADIŃ QISQASHA TÚSINIGI .
8. U.Tusınbaeva G.Kamalova OYANÍW DÁWIRI MUZÍKA KÓRKEM ÓNERI
9. U.Tusınbaeva MIRZA ULUǴBEKTIŃ JÁHÁN ILIMINE QOSQAN
10. U.Tusınbaeva ÁJINIYAZ QOSÍQLARÍNÍŃ KÓRKEM ÓNERDEGI ÁHMIYETI
11. U.Tusınbaeva G.Kamalova MUZÍKA OQÍW ORÍNLARÍNDA MUZÍKA ÁDEBIYATÍ PÁNIN OQÍTÍW USÍLLARÍ HÁM WAZIYPALARÍ